ommaviylashuvi va tayyorgarlikning ko‘chmanchi-voha sintezida barqarorlashuvi taklif etiladi. Mazkur yondashuv 13.00.04 ixtisosligi doirasida jismoniy tarbiya tarixini mintaqaviy dalillar bilan boyitadi, shu bilan birga, jismoniy madaniyatni qadimgi jamiyatning kompleks hayotiy tizimi sifatida talqin qilish imkonini kengaytiradi.

**Foydalanilgan adabiyotlar**


1. Axmedov B. A. O‘zbekiston tarixi: qadimgi davr va o‘rta asrlar. Toshkent, O‘qituvchi, 2019.
2. Tolstov S. P. Po drevnim deltam Oksa i Yaksarta. Moskva, 1962.
3. Asqarov A. A. O‘zbek xalqining etnogenezi va etnik tarixi. Toshkent, Fan, 2007. 312 b.
4. Masson V. M. Drevnie zemledelcheskie kultury Sredney Azii. Leningrad, Nauka, 1977. 240 s.
5. Guttmann A. From Ritual to Record: The Nature of Modern Sports. New York, Columbia University Press, 2004. 224 p.
6. Qosimov S. Jismoniy tarbiya tarixi. Toshkent, Sharq, 2016. 256 b.
7. Mandell R. D. Sport: A Cultural History. New York, Columbia University Press, 1984. 304 p.



**REZYUME.** Ushbu maqola qadimgi Qoraqolpog‘iston hududida jismoniy mashqlarning shakllanishi va rivojlanish bosqichlarini tarixiy-manbashunoslik hamda qiyosiy tahlil asosida yoritadi. Maqsad jismoniy faoliyatning xo‘jalik, harbiy va marosim amaliyotlari bilan bog‘liqligini ochishdir. Ilmiy yangilik mintaqaviy dalillarni tizimlashtirib, bosqichlar mezonlarini taklif etishdan iborat.

**РЕЗЮМЕ.** Тезисы посвящены этапам становления и развития физических упражнений на территории древнего Каракалпакстана на основе историко-источниковедческого и сравнительного анализа. Целью является раскрытие связи физической активности с хозяйственной, военной и обрядовой практиками. Научная новизна состоит в систематизации региональных данных и предложении критериев периодизации.

**SUMMARY.** This thesis examines stages in the development of physical exercises in the territory of ancient Karakalpakstan using historical source analysis and comparative reasoning. The aim is to explain how physical activity was embedded in subsistence, military preparedness, and ritual practice. The novelty lies in systematizing regional evidence and proposing clear criteria for staging long-term change.


UDK: 821.512.366.09

## QARAQALPAQ ÁDEBIYATÍNDA WATAN MOTIVINIŃ KÓRKEM TALQÍLANÍWÍ


**S.U.Fayzullaeva** – *filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD), docent*
*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*



**Tayanch so‘zlar:** Vatan, qoraqalpoq adabiyoti, vatanparvarlik, milliy o‘zlik, Berdaq ijodi, Ajiniyoz ijodi, xalq taqdiri, ma’naviy qadriyatlar, zamonaviy adabiyot.

**Ключевые слова:** Родина, каракалпакская литература, патриотизм, национальная идентичность, творчество Бердака, творчество Ажинияза, судьба народа, духовные ценности, современная литература.

**Key words**: Motherland, Karakalpak literature, patriotism, national identity, Berdaq’s works, Ajiniyoz’s works, people’s destiny, spiritual values, modern literature.


Watan - hárbir insan ushın eń muqaddes hám biybaha túsinik esaplanadı. Ol insannıń tuwılıp ósken jeri, milliy ózligi, úrp-ádetleri hám ruwxıy qádiriyatların ózinde jámleydi. Ádebiyat bolsa mine usı muqaddes túsinikti áwladtan-áwladqa jetkeriwshi kúshli qural esaplanadı. Qaraqalpaq ádebiyatında Watan motivi jetekshi temalardan biri bolıp, ol xalıqtıń tariyxıy tágdiri, awır turmıs jolı hám jurtqa bolǵan sheksiz muhabbatın

sáwlelendiredi. Belgili sóz ustası, shayır Dj.Bayron (1788-1824): «Kim óz jurtın súymese, ol hesh nárseni súye almaydı»[1.46], al rus jazıwshısı M.E.Saltıkov-Shedrin (1826-1889) Watan haqqında: «Eń áhmiyetlisi, Watanǵa muhabbatıń, muhabbatıń hám jáne muhabbatıń! Usı muhabbat saǵan sonday kúsh-quwat beredi, qalǵan hámme nárseniń sheshimin ańsat taba alasań» [2.67] – degen edi. Qaraqalpaq shayır hám jazıwshıları óz shıǵarmalarında Watandı ana tımsalında, muqaddes mákan sıpatında súwretlep, xalıqtı watansúyiwshilik, birlik hám sadıqlıq ruwxında tárbiyalawǵa umtılǵan. Hárbir xalıq ádebiyatınıń tiykarǵı hám jetekshi temalarınıń biri bul - Watan. Watan insannıń tuwılıp ósken jeri, milliy ózligi, tariyxıy yadı hám ruwxıy tamırları menen tıǵız baylanıslı muqaddes orın bolıp esaplanadı. Qaraqalpaq ádebiyatında da Watan motivi ayrıqsha orın ielep, xalıqtıń awır tariyxıy tágdiri, azatlıq ushın gúresi, jurtqa bolǵan sheksiz muhabbatı hám sadıqlıǵı kórkem súwretlew arqalı sáwlelendiriledi. Bul maqalada qaraqalpaq ádebiyatında Watan motiviniń qáliplesiwi, rawajlanıwı hám ayırım belgili dóretiwshiler shıǵarmalarında sáwleleniwi talqılanadı.

Qaraqalpaq xalqınıń tariyxına názer taslasaq, ol kóplegen sınaqlar, kóshiwler hám sociallıq qıyınshılıqlar menen ótkenin kóremiz. Mine usı tariyxıy jaǵdaylar Watan túsiniginiń ádebiyatta tereń hám tásirsheń sáwleleniwine sebep bolǵan. Qaraqalpaq xalqı ushın Watan tek ǵana geografiyalıq aymaq emes, al xalıqtıń ruwxı, maqtanıshı hám bekkem erk-ıqrarınıń tımsalı esaplanadı. Qaraqalpaq xalqınıń tariyxı quramalı hám sınaqlarǵa bay bolǵan. Kóshpeli turmıs, basqınshılıqlar, sociallıq ádalatsızlıq hám qıyınshılıqlar xalıq qálbinde Watanǵa bolǵan muhabbat hám saǵınısh sezimlerin jáne de kúsheytken. Sol sebepli Watan motivi qaraqalpaq ádebiyatında tereń hám tásirsheń túrde sáwlelengen. Xalıq awızeki dóretiwshiliginde - dástanlar, qosıqlar, ańızlarda Watan ushın jan pidá etiw, jurttı dushpannan qorǵaw, ana jerdi muqaddes biliw ideyaları jetekshilik etedi. Bul motiv keyin ala jazba ádebiyatta da óz dawamlılıǵın tapqan. Qaraqalpaq ádebiyatınıń klassik shayırlarınıń biri Berdaqtıń dóretiwshiliginde Watan teması ayrıqsha áhmiyetke iye. Onıń shıǵarmalarında xalıqtıń tágdiri, eldiń awır awhalı hám keleshekke bolǵan úmit tereń kórkemlik penen sáwlelendirilgen. Shayır shıǵarmalarında Watan ushın qayǵırıw, xalıqtı birlikke shaqırıw, ádalatsızlıqqa qarsı gúres ideyaları ústin turadı. Berdaq ushın Watandı súyiw - bul xalıqtı súyiw, onıń dártin seziw degen sóz. Sol sebepli onıń qosıqları xalıq qálbine jaqın hám tásirsheń bolıp, búgingi kúnge shekem óz áhmiyetin joǵaltpaǵan.

Qaraqalpaq ádebiyatında Watan motivin sáwlelendiriwde Ájiniyazdıń dóretiwshiligi de áhmiyetli orın tutadı. Onıń shıǵarmalarında watanǵa bolǵan muhabbat, saǵınısh hám árman sezimleri kúshli seziledi. Ájiniyaz Watandı tábiyat kórinisleri, xalıq turmısı hám tariyxıy waqıyalar menen únles halda súwretleydi. Shayırdıń qosıqlarında Watan gózzallıǵı menen birge, onıń basına túsken qıyınshılıqlar da ayanısh penen súwretlenedi. Bul jaǵday oqıwshını biypárwa qaldırmaydı, kerisinshe, júrekke tásir etip, watansúyiwshilik sezimlerin oyatadı. Ájiniyaz dóretiwshiliginde Watan motivi insanıylıq sezimler menen bayıtılıp, tereń filosofiyalıq mazmunǵa iye boladı.

Házirgi qaraqalpaq ádebiyatında Watan teması áhmiyetli tema bolıp qalmaqta. XX-XXI ásir jazıwshı hám shayırları Watandı ǵárezsizlik, milliy ózlik hám ruwxiy tikleniw kózqarasınan talqılaydı. Bul dáwir shıǵarmalarında Watan tek ǵana tariyxıy estelik emes, al keleshek ushın juwapkershilik sıpatında súwretlenedi. Zamanagóy shıǵarmalarda ekologiyalıq mashqalalar, atap aytqanda, Aral apatshılıǵı da Watan motivi menen tıǵız baylanısqan. Shayır hám jazıwshılar el tágdirine biypárwa bolmaw, onı qásterlep saqlaw ideyaların alǵa qoyadı. Bul bolsa Watan motiviniń jańa kórkem formalarda kórinip atırǵanın kórsetedi. P.Mırzabaevanıń lirikalıq qosıqlarında racional pikirlerden góre irracional sezimler basımıraq ekenligi kórinedi. Shayırdıń «Bul dúnyada súymegenler…» dep baslanatuǵın qosıǵında lirikalıq qaharman xalıqtı súyiw ushın aldı burın onı qorǵay biliw kerekligin uqtıradı.

Bul dúnyada súymegenler
Bar ma anasın, xalqın.
«Súydim» demek dárkar nege,

Eger bolmasa qalqan. [3.15]

Shayır keshirmesinde xalıqtı qorǵay almaw, oǵan shın júrekten xızmet ete almasa onı «súydim dewden máni joq» ekenligin ańlatadı. Lirikalıq qaharman jámiyettegi ushırasatuǵın jalǵan watansúyerlerden toyınǵan. Olardıń awız toltırıp sayraytuǵın xalıqshıllıǵınan sharshaǵan. Sonlıqtan da, kókiregin tawday etip xalıqqa mázi jan kúydirgenlerdi jasalmalılıqta ayıplaydı. Watandı, eldi súyiw ushın oǵan haq kewilden xızmet etiwdiń kerekligin, onı ámelde kórsetiwdiń zárúrligin uqtıradı. Qaraqalpaq ádebiyatında Watan motivi tek ǵana kórkem estetikalıq áhmiyetke iye bolıp qalmastan, al kúshli tárbiyalıq wazıypanı da atqaradı. Bul shıǵarmalar jas áwladtı watansúyiwshilik ruwxında tárbiyalaw, milliy maqtanısh hám juwapkershilik sezimin qáliplestiriwde áhmiyetli dárek bolıp esaplanadı. Watanǵa muhabbat, jurtqa sadıqlıq, xalıq mápin jeke mápten ústin qoyıw sıyaqlı pazıyletler ádebiyat arqalı áwladtan-áwladqa ótip kelmekte. Sonlıqtan qaraqalpaq ádebiyatındaǵı Watan motivi búgingi kúnde de áhmiyetli.

Juwmaqlap aytqanda, qaraqalpaq ádebiyatında Watan motivi oraylıq hám jetekshi temalardan biri bolıp esaplanadı. Ol xalıqtıń tariyxıy táǵdiri, ruwxıy dúnyası hám milliy ózligin sáwlelendiredi. Berdaq, Ájiniyaz hám basqa da dóretiwshilerdiń shıǵarmalarında Watanǵa muhabbat, jurt ushın pidayılıq hám xalıq táǵdiri menen baylanıslı ideyalar joqarı kórkem sheberlik penen sáwlelendirilgen. Qaraqalpaq ádebiyatındaǵı Watan motivi tek ótmishti eske salıp ǵana qoymastan, keleshek áwladtı elge sadıqlıq ruwxında tárbiyalaydı. Usı jaǵınan bul motiv ádebiyatımızda bárqulla jasap keledi hám óz áhmiyetin hesh qashan joǵaltpaydı.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**

1. Байрон Д.Г. Паломничество Чайльд Гарольда. – Москва: Директ-Медиа. 2017. – С.46.

2. Салтыков-Щедрин М. Е. Проза, рецензии, стихотворения 1840-1849. – Москва: Директ-Медиа. 2015. – С. 67.

3. Мырзабаева П. Дәўир нәпеси. Қосықлар. – Нөкис: Қарақалпақстан. 1989. – Б. 15.

**REZYUME.** Mazkur maqolada qoraqalpoq adabiyotida Vatan motivining o‘rni va badiiy ahamiyati yoritilgan. Qoraqalpoq xalqining tarixiy taqdiri, milliy o‘zligi va ma’naviy qadriyatlari Vatan tushunchasi bilan uzviy bog‘liq holda tahlil qilingan. Maqolada Berdaq va Ajiniyoz ijodi misolida Vatanga bo‘lgan muhabbat, yurt taqdiri uchun qayg‘urish, xalqni birlik va vatanparvarlik ruhida tarbiyalash g‘oyalari ochib berilgan. Shuningdek, zamonaviy qoraqalpoq adabiyotida Vatan motivining dolzarbligi va uning tarbiyaviy ahamiyati haqida fikr yuritilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье освещается роль и художественное значение мотива Родины в каракалпакской литературе. Историческая судьба, национальная идентичность и духовные ценности каракалпакского народа анализируются в тесной связи с понятием Родины. На примере творчества Бердака и Ажинияза раскрываются идеи любви к Родине, заботы о судьбе страны, воспитания народа в духе единства и патриотизма. Также рассматривается актуальность мотива Родины в современной каракалпакской литературе и его воспитательное значение.

**SUMMARY.** This article highlights the role and artistic significance of the motif of the Motherland in Karakalpak literature. The historical destiny, national identity, and spiritual values of the Karakalpak people are analyzed in close connection with the concept of the Motherland. Using the works of Berdaq and Ajiniyoz as examples, the article reveals ideas of love for the Motherland, concern for the fate of the homeland, and the education of the people in the spirit of unity and patriotism. In addition, the relevance of the motif of the Motherland in modern Karakalpak literature and its educational significance are discussed.